



Pou Piblikasyon Imedya: 24/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE ADMINISTRASYON TRUMP LAN POU REMÈT
NOUYÒKÈ YO 13.5 MILYA DOLA NAN PEMAN TARIF YO**

***Fanmi nan Nouyòk te peye yo anviwon 1,751 dola pou chak kay akòz tarif yo depi
yo te antre an vigè ane pase a***

***Tarif Trump yo fè konsomatè yo, ti biznis yo ak kiltivatè yo atravè Nouyòk soufri
Gouvènè a pwopoze yon plan sekou kont tarif 30 milyon dola pou kiltivatè
Nouyòk yo ki gen difikilte akòz ogmantasyon pri ak lòt enpak negatif tarif yo***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a mande Administrasyon Trump lan pou remèt Nouyòkè yo anviwon 13.5 milya dola nan peman tarif yo, apre dènye desizyon Kou Siprèm nan ki anile tarif Trump yo. Daprè estimasyon Yale Budget Lab la, yon kay an mwayèn nan Nouyòk te fè fas ak anviwon 1,751 dola nan depans anplis akòz tarif yo depi yo te antre an vigè ane pase a, pou yon enpak total nan tout eta a yo estime a 13.5 milya dola.

"Tarif san sans epi ilegal sa yo te jis yon taks sou konsomatè Nouyòk yo, ti biznis yo ak kiltivatè yo — e se poutèt sa m ap mande yon ranbousman konplè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "M p ap janm sispann goumen pou Nouyòkè yo, epi sa vle di rete konsantre pou tounen mete plis lajan nan pòch nou — pa retire l."

Anplis enpak tarif Trump yo sou plizyè milyon konsomatè, Gouvènè Hochul mete aksan tou sou domaj tarif yo lakòz pou ti biznis Nouyòk yo, epi sitou pou kiltivatè atravè tout eta a. Kòm yon pati nan diskou Eta Leta 2026 li a, Gouvènè a pwopoze 30 milyon dola nan sekou kont tarif pou ede soutni kiltivatè ki afekte yo atravè tout eta a. Menm ak dènye desizyon Kou Siprèm nan ki anile tarif Trump yo, pou anpil kiltivatè domaj la deja fèt — paske kiltivatè atravè Nouyòk yo ap fè fas ak pri ekipman ak founiti ki monte, ansanm ak lòt gwo defi.

Tarif yo ajoute yon kouch depans ak enstabilite ki fè planifikasyon ak investisman pou lavni vin pi difisil pou kiltivatè yo.

- Plis pase 80 pousan nan enpòtasyon pwodui agwochimik ak 70 pousan nan enpòtasyon machin agrikòl soti nan peyi ki fè fas ak tarif 10 pousan oswa plis. Kiltivatè yo ap gen difikilte pou jwenn lòt founisè pou evite tarif yo, paske gen yon gwo konsantrasyon enpòtasyon ki soti nan peyi kote tarif yo wo.

- Fèm atravè tout eta a ap fè fas ak depans ki pi wo pou angrè ak ekipman, epi kèk kiltivatè yo fè konnen biznis yo ka wè ogmantasyon ki rive jiska 20,000 dola pa ane, pandan ekspòtasyon lèt yo desann 7 pousan.

An repons ak enpak negatif sa yo, Gouvènè Hochul te anonse an janvye yon pwopozisyon pou 30 milyon dola nan sekou kont tarif pou kiltivatè Nouyòk yo, kòm yon pati nan Eta Leta 2026 li a.

Plan sa a ap bay peman dirèk pou kiltivatè Nouyòk ki pwodui rekòt espesyalize, pwodikè bèt, kiltivatè letye, ak kiltivatè akwakilti pou ede adrese defi kiltivatè ki afekte yo ap fè fas avèk yo atravè tout eta a.

Lòt inisyativ yo pwopoze tou nan Eta Leta ane sa a vize sipòte endistri agrikòl la, tankou yon lòt seri Pwogram Sibvansyon pou Modènizasyon Filyè Letye a (Dairy Modernization Grant Program), epi pwolonje kredi taks sou envestisman ki ranbousab la pou bay fèm yo tan ak sètitud yo bezwen pou modènize operasyon yo epi fini gwo pwojè yo.

Senatè Eta a Michelle Hinchey te deklare, "Konplo tarif Prezidan Trump lan ogmante taks sou Nouyòkè yo yon fason ki pa jis, li fè depans yo monte pou moun k ap travay, epi li fè li pi chè pou yon biznis opere nan Nouyòk. Rezidan nou yo ak biznis nou yo merite pou lajan sa a retounen nan pòch yo, epi gouvènman federal la dwe bay ranbousman sa a touswit."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Konjèlman finansman, rediksyon ak tarif federal yo frape sitou kiltivatè Nouyòk yo. Avèk ogmantasyon pri pou founiti esansyèl, tankou ekipman agrikòl, kiltivatè yo gen difikilte pou reponn ak bezwen yo. Gouvènman federal la dwe fanmi kiltivatè nou yo pou ranbouse tarif yo te ranmase yo, men pandan tan sa a, nenpòt soulajman Gouvènè a ak kòlèg mwen yo kapab bay ap yon bon nouvèl."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)